**दिन–शनिवार** **दिनांक–29.08.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

नेपाल–तिब्बत सीमा पर एकटा आओर झील टूटि जयबाक घटना कँ देखैत राज्य सरकार पूरा तरहेँ अलर्ट अछि। गंडक नदीक जलस्तर मे उतार–चढ़ाव कँ देखैत जल संसाधन विभाग वाल्मीकिनगर गंडक बराज आ सारण तटबंध समेत सभ महत्वपूर्ण तटबंधक निगरानी आओर बढ़ा देलक अछि। अधिकारी लोकनि कँ लगातार सतर्क रहबाक निर्देश देल गेल अछि आ गंडक नदीक डिस्चार्ज केर जनतब लेल जा रहल अछि। संभावित संकटक स्थिति केर मद्देनजरि वाल्मीकिनगर गंडक बराजक सभ फाटक खोलि देल गेल अछि। ताजा जनतबक अनुसार, सांझ चारि बजे वाल्मीकिनगर बराज सँ निन्यानबे हजार आठ सय क्यूसेक पानि डिस्चार्ज कयल गेल। एम्हर, आपदा प्रबंधन मंत्री रत्नेश सदा आइ भोर पश्चिम चंपारण जिलाक बैरिया प्रखंड मे गंडक नदीक बाढ़ि प्रभावित क्षेत्रक निरीक्षण कयलनि। ओ जल संसाधन विभागक अधिकारी आ जिला प्रशासनक वरिष्ठ अधिकारी लोकनिक संग बैसार कऽ बाढ़ि सँ उत्पन्न स्थिति केर समीक्षा कयलनि आ आवश्यक निर्देश सेहो देलनि।

---

नेपाल आ तिब्बत मे विनाशकारी बाढ़ि सँ मृतकक संख्या बढ़ि कऽ छओ सय छब्बीस भऽ गेल अछि। दू हजार सँ बेसी लोक लापता छथि। लापता लोक मे पनबिजली परियोजना सँ जुड़ल लोक, विदेशी नागरिक, आम नागरिक आ सुरक्षा एवं सरकारी कर्मचारी सम्मिलित छथि। एहि मध्य, भारत बाढ़ि प्रभावित नेपाल के मानवीय सहायता तेज कऽ देलक अछि। मानवीय सहायता सामग्रीक संग तेसर विमान काल्हि साँझ काठमांडू पहुँचल। सहायता सामग्री मे पोर्टेबल जनरेटर, खाद्य सामग्री आ जल शोधन केर गोली शामिल अछि। नेपालक प्रधानमंत्री बालेन शाह संकटक समय भारत द्वारा देल जा रहल सहायता लेल धन्यवाद देलनि। एम्हर, भारतीय विदेश मंत्रालयक प्रवक्ता रणधीर जायसवाल जनौलनि जे तीन सय बीस भारतीय नागरिक सँ एखन धरि संपर्क नहि भऽ सकल अछि। मंत्रालय कहलक अछि जे भारतीय मूलक करीब एक सय आन गोटे सँ सेहो संपर्क नहि भऽ सकल अछि। श्री जायसवाल नव दिल्ली मे पत्रकार सभ सँ गपशप मे कहलनि जे नेपालक त्रिशूली–1 जलविद्युत परियोजना मे कार्यरत तिरसठि भारतीय नागरिक कँ प्रभावित क्षेत्र सँ सुरक्षित निकालि लेल गेल अछि।

---

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी काल्हि भोर एगारह बजे आकाशवाणी सँ **मन की बात** कार्यक्रम मे देश–विदेशक लोक सभ सँ अपन विचार साझा करताह। ई मासिक रेडियो कार्यक्रमक एक सय सैंतीसम कड़ी होयत। कार्यक्रमक प्रसारण आकाशवाणी आ दूरदर्शनक सभ चैनल, एआईआर न्यूज़ केर वेबसाइट आ न्यूज़ ऑन एआईआर मोबाइल ऐप पर कयल जायत। संगहि, एआईआर न्यूज़, डीडी न्यूज़, प्रधानमंत्री कार्यालय आओर सूचना आ प्रसारण मंत्रालयक यूट्यूब चैनल पर सेहो एकर सीधा प्रसारण होयत। मन की बात कार्यक्रमक प्रसारण प्रसार भारतीक ओटीटी प्लेटफॉर्म वेव्स पर सेहो सुनल जा सकैत अछि। एकर तुरंत बाद मैथिली भाषा मे एकर प्रसारण आकाशवाणीक दरभंगा केंद्र सँ कयल जायत। एहि प्रसारण कैँ दोबारा राति आठ बजे सँ सेहो सुनल जा सकैत अछि।

---

बिहार विद्यालय परीक्षा समिति माध्यमिक शिक्षक पात्रता परीक्षा–दू हजार छब्बीस लेल आवेदनक अंतिम तिथि बढ़ा कऽ पन्द्रह सितंबर कऽ देलक अछि। पहिने ई एकतीस अगस्त निर्धारित छल। बोर्ड केर अध्यक्ष डॉक्टर त्यागराजन एस.एम जनौलनि जे अभ्यर्थी सभक मांग कैँ देखैत अंतिम तिथि बढ़ेबाक निर्णय लेल गेल अछि।

---

आइ राष्ट्रीय खेल दिवस अछि। ई दिवस सभ साल उनतीस अगस्त कैँ हॉकी केर दिग्गज खिलाड़ी मेजर ध्यानचंद केर जयंतीक अवसरपर मनाओल जाइत अछि। एहि अवसर पर राजधानी पटना समेत प्रदेशभरि मे कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल जा रहल अछि। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ राष्ट्रीय खेल दिवसक अवसरपर लोक सेवक आवास मे आयोजित कार्यक्रम मे अंतरराष्ट्रीय प्रतियोगिता मे पदक जीतनिहार पैरा खिलाड़ी सोमन् राणा आ झंडू कुमार कैँ सम्मानित कयलनि। सोमन् राणा राष्ट्रमंडल खेल मे शॉट पुट स्पर्धा मे स्वर्ण पदक आ झंडू कुमार पैरा पावरलिफ्टिंग मे कांस्य पदक जीति कऽ इतिहास रचने छलाह। दुनू खिलाड़ी कैँ राज्य सरकारक ”मेडल लाओ नौकरी पाओ” योजनाक तहत सरकारी नियुक्ति सेहो देल जायत।

---

बिहार गीतक रचयिता आ प्रख्यात कवि सत्यनारायण जी केर आइ पूरा राजकीय सम्मानक संग पटना स्थित बांसघाट पर अंतिम संस्कार कयल गेलनि। बिहार पुलिसक महिला बटालियन केर सदस्य सभ दिवंगत कवि कँ सशस्त्र सलामी देलनि। हुनकर पुत्र संदीप स्नेह मुखाग्नि देलनि। एहि अवसर पर विधान पार्षद संजय मयूख, पूर्व मंत्री श्याम रजक, बिहार हिंदी साहित्य सम्मेलनक अध्यक्ष अनिल सुलभ समेत कतेको गणमान्य लोक उपस्थित छलाह।

———————————————————————————

समाप्त भेल।